

LÈT PARAN POU MANDE DOE POU PA BAY ENFÒMASYON SOU PITIT YO

(POU PARAN TOUT ELÈV KLAS 9YÈM RIVE 12YÈM ANE AK ELÈV LEKÒL SEGONDÈ KI GEN LAJ 18 LANE POU PI PITI)

Lwa federal egzije pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) bay enfòmasyon sa yo sou elèv lekòl segondè klas 11yèm ak 12yèm ane ba moun k ap fè rekritman militè ak enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo, eksepte lè paran yon elèv ki poko gen laj 18 lane oswa yon elèv ki gen laj 18 lane pou pi piti, refize lè li avèti DOE alekri ke li pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa yo. Si yon elèv poko gen laj 18 lane, yon paran dwe siyen refi a. Si elèv la gen laj 18 lane pou pi piti, elèv la dwe siyen refi a.

- non, adrès ak nimewo telefòn yo ba enstitisyon edikasyon siperyè ki mande enfòmasyon sa yo ak/oswa;
- non, adrès, nimewo telefòn epi DOE bay adrès imèl DOE elèv la ba moun k ap fè rekritman militè ki mande enfòmasyon sa yo. (*Tanpri sonje nenpòt imèl moun k ap fè rekritman militè yo voye nan adrès imèl elèv la DOE pa gen kontwòl sou li, li pa patisipe ni li pa gade l*).

Pandan nou pran angajman pou pwoteje konfidansyalite elèv nou yo, nou dwe obeyi lalwa.

Si pitit ou a poko gen laj 18 lane epi ou pa dakò pou yo bay enfòmasyon sa yo, ou dwe ranpli fòm sa yo, siyen epi voye yo tounen nan lekòl pitit ou a nan delè **21 oktòb 2022** an. Si w pa voye fòm lan tounen avan dat sa a epi pitit ou a nan klas 11yèm oswa 12yèm ane, n ap bay enfòmasyon sou pitit ou a si yo mande nou. Pou paran elèv klas 9yèm ak 10yèm ane, ou ka ranpli fòm refi a alavans epi konsève l.

Si pitit ou a gen laj 18 lane pou pi pitit, li dwe decide pou di si li dakò pou yo bay enfòmasyon sa yo. Elèv ki gen laj 18 lane pou pi piti ki pa vle yo bay enfòmasyon yo, dwe ranpli ak siyen lèt refi sa a yo menm epi li dwe voye l tounen nan delè **21 oktòb 2022** Si li pa voye lèt refi a tounen, y ap bay enfòmasyon sou pitit ou a si yo mande.

Paran ak elèv ki gen laj 18 lane pou pi pitit ki chwazi pa ranpli yon fòm kounye a ka fè sa nenpòt lè elèv la nan yon lekòl DOE. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa èd, kontakte lekòl ou a. Mèsi pou koperasyon w.

FÒM POU ELÈV KI REFIZE POU BAY ENFÒMASYON

Tanpri ranpli epi siyen sèlman si oumenm oswa pitit ou a si li gen laj 18 lane pou pi piti, pa vle yo bay enfòmasyon ki dekri pi wo a ba moun k ap fè rekritman militè ak/oswa enstitisyon siperyè yo. Ou pa bezwen ranpli sa a si w dakò pou yo bay enfòmasyon yo.

Non elèv la: _____ Klas ofisyèl elèv la: _____

Non lekòl la: _____

Si elèv la poko gen laj 18 lane.

- Mwen se paran elèv ki gen non li pi wo a ki poko gen laj 18 lane.

Tanpri make kazye ki apwopriye a:

- Moun k ap fè rekritman militè:** Mwen pa vle pou yo pataje non, adrès, nimewo telefòn ak adrès imèl DOE pitit mwen an avèk moun k ap fè rekritman militè yo.
- Enstitisyon edikasyon siperyè:** Mwen pa vle pou yo pataje non, adrès, nimewo telefòn ak adrès imèl pitit mwen an avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo.
- Touledè:** Mwen pa vle pou yo pataje enfòmasyon pitit mwen an avèk moun k ap fè rekritman militè yo ni avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo.

Non Paran an: _____

Siyati paran an: (ekri non w oswa siyen sou fòm elektwonik) _____ Dat: _____

Elèv ki gen 18 ane oswa plis:

- Mwen menm elèv yo site pi wo a, mwen gen omwen laj 18 ane.

Tanpri make kazye ki apwopriye a:

- Moun k ap fè rekritman militè:** Mwen pa vle pou yo pataje non m, adrès mwen, nimewo telefòn mwen ak adrès imèl DOE m avèk moun k ap fè rekritman militè yo.
- Enstitisyon edikasyon siperyè:** Mwen pa vle pou yo pataje non m, adrès mwen, nimewo telefòn mwen ak adrès imèl mwen avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo.
- Touledè:** Mwen pa vle pou yo pataje enfòmasyon m avèk moun k ap fè rekritman militè yo ni avèk enstitisyon edikasyon siperyè yo.

Non elèv la: _____

Siyati elèv la: (ekri non w oswa siyen sou fòm elektwonik) _____ Dat: _____